

4 Bagay Ki Pi Enpòtan Paran yo Dwe Konnen Konsènan Lawoujòl

Lawoujòl trapan anpil e l ka grav. Yon timoun ki pa vaksinen ka trape lawoujòl lè l ap vwayaje aletranje oswa li ka menm trape l Ozetazini. De dòz vaksen MMR pwoteje pitit ou a pi byen kont lawoujòl.

Ou ka ap mande tèt ou kisa w vrèman bezwen konnen konsènan lawoujòl antanke paran. CDC te kreye yon lis detay ki pi enpòtan konsènan lawoujòl pou paran tankou w.



1. Lawoujòl ka grav.


Gen kèk moun ki panse lawoujòl se yon senp maladi ki fè bouton leve sou kò moun nan ak yon lafyèv ki prale nan kèk jou, men **lawoujòl ka lakòz sante moun nan dejenere** yon fason grav, sitou pou timoun ki gen mwens pase 5 an. Pa gen okenn fason w ap ka konnen alavans nan ki pwen sentom pitit ou a genyen yo ap grav.

- Anviwon 1 sou 5 moun Ozetazini ki trape lawoujòl ap entène lopital
- 1 sou chak 1,000 people ki gen lawoujòl ap vin gen sèvo anfle, sa ki ka kraze sèvo yo
- 1 sou 3 nan 1,000 moun ki gen lawoujòl yo ap mouri, menm si yo jwenn pi bon swen ki egziste

Pami sentom lawoujòl moun plis genyen yo, w ap jwenn:

- gwo lafyèv (li ka cho depase 104° F),
- tous,
- nen k ap koule (koriza),
- je wouj k ap fè dlo ([azoumounou](#)), ak
- bouton (3-5 jou apre sentom yo kòmanse parèt).

bit.ly/MeaslesSymptoms



2. Lawoujòl trapan anpil.

Lawoujòl gaye nan lè a lè yon moun ki gen maladi a touse oswa estène. Li tèlman trapan, si yon moun genyen l, jiska 9 sou 10 moun ki nan antouraj li ap trape l tou si yo pa pwoteje. Pitit ou a ka trape lawoujòl si l annik nan yon sal kote yon moun ki te gen lawoujòl te ye, menmsi se dezèdtan apre moun sa a fin ale. Yon moun ki gen maladi a **ka gaye lawoujòl bay lòt moun anvan menm li konnen li gen maladi a**—depi kat jou anvan bouton lawoujòl yo kòmanse parèt jiska kat jou apres.

bit.ly/MeaslesTransmission



3. Pitit ou ka toujou trape lawoujòl Ozetazini.

Grasa yon gwo pwogram vaksinasyon efikas ki te fèt Ozetazini nan lane 2000, yo te deklare lawoujòl elimine Ozetazini. Elimine vle di maladi a pa toujou la nan peyi a. Men, lawoujòl toujou egziste anpil kote nan monn nan.

Menm si fanmi w pa vwayaje nan lòt peyi, ou ka an kontak ak lawoujòl nenpòt kote nan kominote w la. Chak ane, moun k ap vwayaje ki pa vaksinen antre ak lawoujòl Ozetazini (pifò ladan yo se Ameriken e pafwa se vizitè etranje) ki pran lawoujòl pandan yo nan lòt peyi. Nenpòt moun ki pa pwoteje kont lawoujòl ka trape l.

bit.ly/PlanForTravel



4. Ou gen kapasite pou w pwoteje pitit ou kont lawoujòl grasa yon vaksen ki pa gen danje e ki efikas.

Pi bon pwoteksyon kont lawoujòl se vaksen kont lawoujòl-malmouton-ribeyòl (MMR) la. Vaksen MMR la bay pwoteksyon k ap dire anpil tan kont tout kalite lawoujòl.

Pou pitit ou a pi byen pwoteje, li bezwen de dòz vaksen MMR:

- Premye dòz la lè l gen 12 jiska 15 mwa
- Dezyèm dòz la lè l gen 4 jiska 6 an

Si fanmi w ap vwayaje aletranje, vaksen nou konseye yo yon jan diferan:

- Si bebe w la gen 6 jiska 11 mwa, l ap pran 1 dòz vaksen MMR vaccine anvan l ale.
- Si pitit ou a gen 12 mwa oswa si l pi gran, l ap pran 2 dòz vaksen MMR (kite omwen 28 jou pase ant yo chak) anvan l ale.

Yon lòt vaksen ki se vaksen kont lawoujòl-malmouton-ribeyòl-varisèl, ki bay pwoteksyon kont 3 maladi, disponib tou pou timoun ki gen 12 mwa jiska 12 an.

bit.ly/MealesVax